УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм
жэпуэгъуэм (октябрым)
и 12 лъандэрэ къыдокI

№43
(13710)

Черкес хэку

2022 гъэ, мэкъуауэгъуэм (июным) и 11, щэбэт

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр сомИ 3-щ

Урысейм и Махуэм и щIыхькIэ хъуэхъухэр

Урысейм и Махуэм и щIыхькIэ, ди къэралым и лIыщхьэхэм къабгъэдэкIыу, Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ ди хэгъуэгум щыпсэухэмрэ хъуэхъу тхыгъэхэр къаIэрыхьащ.

ПУТИН Владимир,
УФ-м и Президент:

— Мы махуэщIыр лъапIэщ Урысейм хуэхэкупсэмкIэ, зи къэралым иригушхуэмкIэ, абы лIыщIыгъуэ бжыгъэкIэ къыдекIуэкI хабзэхэр зымыгъэкIуэдхэмкIэ, Хэкум псэемыблэжу къулыкъу хуэзыщIэмкIэ, а фIыгъуэ псори зэIэпызых щIэблэхэмкIэ. Шэч хэмылъуи, махуэщIым егъэщыпкъэ Урысейм, абы и къэкIуэнум папщIэ тхьы жэуаплыгъэр. ФIыгъуэу щыIэм фыхимынкIэ!

МИШУСТИН Михаил,
УФ-м и премьер-министр:

— Сывохъуэхъу Урысейм и МахуэмкIэ! МахуэщIым егъэщыпкъэ ди къэралым и уардагъыр, ар зэрыщэджащэр.

Дэ фIыщэу долъагъу ди Хэкур, дроин абы и лIыщIыгъуэ бжыгъэ тхыдэм, и ехъулIэныгъэхэм. Ди фIэщ мэхъу зэкъуэтыныгъэр, псэемыблэжыныгъэр, гуащIэдэкIыр фIыуэ зэрытлъагъур, тхэлъ къызэгъэпэщыныгъэ къару иныр — Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм къагъэщIа лъабжьэ быдэу зэрыщытыр. А щытыкIэхэм сыт хуэдэ лъэпощхьэпоми дызэрыпэщIигъэтыфынур, къэралым и зыужьыныгъэмрэ ефIэкIуэныгъэмрэ зэрыщхьэпэнур.

Си гум къыбгъэдэкIыу фи щхьэкIи, фи унагъуэхэмкIи узыншагъэ быдэ, мамыр гъащIэ, зэIузэпэщыныгъэ фыщымыщIэну сывохъуэхъу! Хэкум папщIэ IуэхуфIхэм фыхущIигъыхьэ!

ВАЙНО Антон,
УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм и Федерацэмкэ и Советым и Унафэщ:

— Урысейм и махуэщIымкIэ сывохъуэхъу!

Ди къэрал щэджащэм щыпсэухэр — зи Хэку, зи тхыдэ хуэщыпкъэ, фIыуэ зылъагъу, хэкупсагъэ ин зыхэлъ, дыкъызытехъукIахэм къытхуагъэна хабзэфIхэм, уасэ зимыIэ зэхущытыкIэ дахэхэм хуэпэж защIэщ.

Дэтхэнэри и Хэкум хуэщыпкъэщ, абы и зэIузэпэщым щIогупсыс, зыщалъхуа щIыналъэр бийм, шынагъуэ къэзыхьым щахъумэ, фIэщхъуныгъэшхуэ яхэлъу ипэкIэ мэкIуатэ, зыхуагъэувыжа къалэнхэр ерыщу ягъэзащIэ.

Узыншагъэ, ехъулIэныгъэ, фIыгъуэу дунейм тетым фыщимыгъащIэкIэ!

ЧАЙКА Юрий,
УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэу СКФО-м щыIэ:

— Си гум къыбгъэдэкIыу сывохъуэхъу ди къэралым и махуэщI нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщымкIэ — Урысейм и МахуэмкIэ!

Хэкум хуэщыпкъэ дэтхэнэмкIи нобэрей махуэщIым мыхьэнэшхуэ иIэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, апхуэдэ цIыхумкIэ Хэку фIылъагъуныгъэмрэ абы хуэщыпкъэу къулыкъу хуэщIэнымрэ нэхъыщхьэрэ нэхъ лъапIэрэ щыIэкъым.

Мы махуэм иджыри зэ дигу къегъэкIыж лIыхъужьыгъэкIэ гъэнщIа тхыдэкIэ дызэрызэпхар, дызэрызэкъуэтыр, дяпэкIэ дызыхуэкIуэну гъащIэр дахэу зэрыдухуапхъэр, жылагъуэм бгъэдэлъын хуей щытыкIэ уасэншэхэр, къэрал щхьэхуитымрэ ефIакIуэмрэ лъабжьэ быдэ хуэхъунухэр.

Узыншагъэ быдэ, насып, унагъуэ зэIузэпэщ, ехъулIэныгъэ фыщимыгъащIэкIэ! Дэтхэнэми фи IуэхуфIхэр Хэку иным фIыгъуэ хурехъу!

ПщIэ зыхуэтщI ди хэкуэгъуэ!

Дывохъуэхъу ди къэралым и махуэщI нэхъ лъапIэхэм ящыщымкIэ — Урысейм и МахуэмкIэ!

Мэкъуауэгъуэм (июным) и 12-м егъэщыпкъэ лъэпкъхэр зэрызэкъуэтыр, Хэкум и щхьэхуитыныгъэр. МахуэщIым иджыри зэ дигу къегъэкIыж ди къэралыр зыпсыхьамрэ ар щэджащэ зыщIа щытыкIэхэмрэ.

Дроин, дрогушхуэ лIыщIыгъуэ бжыгъэ хъу ди тхыдэм, ди къэралым щыпсэу, дин зэхуэмыдэ зезыхьэ лъэпкъхэм я щIэин лъапIэм, зи хабзэ дахэхэр зыхъумэж, гъащIэм деж увыпIэ хэха щызыубыд жылагъуэм.

ЛIыщIыгъуэхэр блокI. Ауэ, ипэкIи хуэдэу, Урысейм и беягъ, къару нэхъыщхьэр — къэралым лъэпкъ куэд зэрыщызэдэпсэур, къонэ.

Щхьэихауэ фIыщIэ псалъэ яхудогъэфащэ Хэку зауэшхуэм, гуащIэдэкIым и ветеранхэм, мамыр гъащIэр къытхуэзылъэщахэм. Ди тхыдэ уасэншэм и дерсхэм дыхигъэплъащ, фашизмэм, нацизмэм, щIэпхъаджагъэхэм дазэрыпэщIэтыным дыхуигъэсащ.

Ди къэралым и лъэпкъ пашэм, Урысейм и Президент Путин Владимир и еплъыкIэр дыдощтэ — дэнэ щIыпIи щыпсэу ди цIыхухэм яхуэгъэза, уасэ зимыIэ фIыгъуэхэм, мамырыгъэм, щхьэхуитыныгъэм, шынагъуэншагъэм дыхущIэкъуныр, абыхэм дрителъхьэу дыщытыныр.

ФIыщIэ ин яхудощI ди хэкуэгъухэм, зи гуащIэдэкI лэжьыгъэкIэ, Iуэху зэхэщIыкIкIэ, зэчийкIэ, зыхуагъэувыжа къалэнхэм ерыщу зэрыхуэкIуэмкIэ ди къэралыр нэхъри нэхъ лъэрыхь зэращIым папщIэ.

Ди фIэщ мэхъу къэгъэщIэрэщIэжыныгъэ мамыр гуащIэдэкIыр, Хэкум худиIэ фIылъагъуныгъэ иныр щыIэхукIэ — Урысейр къарууфIэ, ефIакIуэ къэрал щэджащэу зэрыщытынур.

Дыфхуохъуахъуэ узыншагъэ быдэ, гукъыдэж, гуащIэдэкI ехъулIэныгъэщIэхэм фыщымыщIэну, зыхуэвгъэувыжа къалэнхэм ерыщу фыхуэкIуэну, мамырыгъэрэ насыпрэ фиIэну!

ТЕМРЕЗОВ Рэшид,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ

ИВАНОВ Александр,
КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ

АРГУН Мурат,
КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ

ПщIэ зыхуэтщIу Къэрэшей-Черкес Республикэм щыпсэухэ!
Дывохъуэхъу Урысейм и МахуэмкIэ!

Мы къэрал махуэщIыр догъэлъапIэ абы гукъыдэж телъыджэхэр къытхуигъэушу. МахуэщIым, шэчыншэу, егъэщыпкъэ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэ быдэр, къэралым и щхьэхуитыныгъэр, жылагъуэм и псэ къару мыкIуэщIыр.

Дрогушхуэ лIыщIыгъуэ бжыгъэ зи тхыдэ Урысей къэралымкIэ, ди текIуэныгъэ инхэмкIэ, Хэкум и лIыхъужьхэмкIэ, лъэпкъхэм яхъумэ хабзэ гъэщIэгъуэныщэхэмкIэ.

Къэралыр къызэрыунэхурэ абы зы къэралыгъуэу зэкъуигъэуващ лъэпкъ зэхуэмыдэ куэд, абыхэм я щэнхабзэхэр, дин зэхуэмыдэхэр. Хэт и дежкIи Урысейр — япэрауэ, и Хэкущ, и унагъуэ жьэгущ, къыздалъхуащ, фIыуэ илъагъу цIыхухэрщ.

Апхуэдэ щытыкIэ уасэншэхэращ дызэкъуэзыгъэтыр, ди къэралыр нэхъри ефIэкIуэным дыхуэзыгъэлажьэр, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ дыхущIэзыгъэкъур.

Нобэ ди жылагъуэм къалэн хьэлъэхэр къыхуоув. Ахэр зэфIэхын папщIэ нэхъыщхьэр зэкъуэтыныгъэращ, къэгъэщIыныгъэм хуэунэтIауэ дэтхэнэми длэжь гуащIэдэкI лэжьыгъэращ, псэ къару быдэращ. Дэтхэнэми ди пщэрылъщ икIи жэуаплыгъэ дохь ди къэралым и къэкIуэнур зэрыхъунумкIэ.

Ди цIыхубэр зэи щытыкIэ хьэлъэм, лъэпощхьэпохэм щышынакъым. Дэ зыхудогъэувыж къалэн хьэлъэхэр икIи, Iэмал имыIэу, ехъулIэныгъэ хэлъу ахэр зэфIыдогъэкI. КъыткIэлъыкIуэну щIэблэхэм цIыхубэр здызэкъуэт къэрал лъэщрэ быдэрэ яIэщIэтлъхьэныр — ди пщэрылъ пажэщ!

Мы махуэщI лъапIэм ипкъ иту фIыщIэ хэха яхудощI пщIэ ин зыхуэфащэ ди ветеранхэм. Ахэр — дызэрыгушхуэщ, дызэрыинщ, ди тегъэщIапIэщ, ди дамэщ, ди щIэблэм я щапхъэщ.

Фи IуэхуфIхэм дэ пыдощэ. АдэкIэ а Iуэхур ягъэкIуэтэнущ ди сабийхэм, къытщIэтаджэ щIэблэщIэм. Дроин ди щIалэгъуалэ зэчиифIэм, ныбжьыщIэ жыджэрхэм, къыздэхъуа къэралым и тхыдэм хэпщIауэ къэтэдж ди щIэблэм.

Узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, гуапагъэ, зэIузэпэщыныгъэ, зэкъуэтыныгъэ фыщымыщIэу, фи IуэхуфIхэм фи щхьэкIи, ди республикэри къэралри ягъэлъапIэу фыпсэну дывохъуэхъу!

КЪЭЗЭНОКЪУЭ Кърым,
САЛПАГАРОВ Ахъмэт,
УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм Федерацэмкэ и Советым
КъЧР-м къыбгъэдэкIыу хэт сенаторхэр

Махуэщым

Урысейм и Махуэм ипкъ иту, мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м, Хьэбэз район администрацэм и хэщIапIэм ныбжьыщIэ зыбжанэм я паспортхэр щратыжащ. Урысей къэралым и Махуэми, цIыхум и япэ паспортыр кратыным и мыхьэнэми къытепсэлъыхьащ.

Урысейм и Махуэм — дэфтэр нэхъыщхьэр

А махуэм паспорт зрата ныбжьыщIэ 14-м я нэгум гуфIэгъуэм къинэмыщIауэ, гушхуэныгъэри иплъагъуэт. АтIэ, я гъащIэ псом дэфтэр нэхъыщхьэ дыдэу зэрахьэнур — Урысей къэралышхуэм и цIыхуу зэрыщытыр щIэзыгъэбыдэ дэфтэрыр къызэрыратыр апхуэдэ щытыкIэм и щхьэусыгъуэ хьэлэмэтт.

— Паспорт къыуатыныр дэтхэнэ цIыхумкIи и гъащIэм и зы къэхъукъащIэ гуимыхужщ, мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Абы жэуаплыгъэ лъагэри къыдокIуэ, — жиIащ Хьэбэз район Советым и тхьэмадэ Тэмазэ Рэмэзан.

Яхъуэхъуащ я ныбжькIэ нэсауэ мыпхуэдэ Iуэхугъуэ купщIафIэм зэрыхэтымкIэ, узыншагъэ быдэ яIэну, ехъулIэныгъэ лъагэхэм лъэIэсыну.

Къызэхуэсахэм я Iэгуауэ иным щIэту, ныбжьыщIэхэм паспортхэр ирратащ район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Хутэ Заур, район МВД-м и унафэщI Жантемыр Руслан сымэ.

Абыхэми пщащэхэмрэ щIалэхэмрэ хъуэхъухэр хуагъэфэщащ.

КъинэмыщIауэ, Урысейм и цIыхуу зэрыщытым и щыхьэту, паспортхэр а махуэм хуагъэфэщащ Къыргъызым къиIэпхъукIауэ мыбдеж щыпсэу зэанэзэпхъум.

Илъэс зыбжанэ хъуауэ къызэрекIуэкIщи, паспортхэм ящIыгъуу, ахэр зратхэм хуагъэфащэ УФ-м и Конституцэ тхылъри.

Анэ-адэхэм, ныбжьыщIэхэм я гуфIэгъуэ махуэр даIэтащ ЗАГС къулыкъущIапIэм и унафэщI Борэныкъуэ Зулифэ, Хьэбэз МОВД-м миграцэ IуэхухэмкIэ и унафэщI Руцинская Юлэ сымэ, паспорт зратахэм я анэ-адэхэм.

ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ

Зэдэлэжьэныгъэ

КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Муратрэ хэгъуэгу Сбербанк Управленэм и унафэщI Джазэ Зауррэ иджыблагъэ зэдрагъэкIуэкIа зэIущIэм деж зэдэлэжьэныгъэм, цифровизацэ зыужьыныгъэм щытепсэлъыхьащ.

Джазэ Заур къытеувыIащ а лэжьыгъэхэм щхьэпэну кIуэрабгъухэм. Апхуэдэщ инвестицэ порталхэр зэгъэзэхуэжыныр, зэманым къигъэув цифровой IэмалыщIэхэр абы къыхуэгъэсэбэпыныр.

Зэдэлэжьэныгъэм нэхъри зрагъэужьыным щхьэпэну Iэмалу къалъытащ онлайн-зэIущIэхэр икIи абыкIи лъэныкъуэхэр зэгурыIуащ.

ТУАРШЫ Ирэ

Мэкъуауэгъуэм (июным) и 8-м ди къэралым щагъэлъэпIащ социальнэ лэжьакIуэм и IэщIагъэ махуэщIыр. Абы ипкъ иту къызэрагъэпэща, Черкесск къалэм дэт, щэнхабзэмкIэ Унэм щекIуэкIа махуэщI пшыхьым къекIуэлIащ республикэм и социальнэ къулыкъущIапIэхэм щылажьэхэр.

Къызэхуэсахэм хъуэхъу псалъэхэмкIэ захуигъэзащ КъЧР-м гуащIэдэкIымрэ социальнэ зыужьыныгъэмрэкIэ и министр ЩакIуэ Руслан. Ар къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщеджащ социальнэ лэжьакIуэхэм, ветеранхэм, жылагъуэм социальнэ хуэIухуэщIэхэр языгъэгъуэтхэм яхуэгъэзауэ УФ-м гуащIэдэкIымрэ социальнэ хъумэныгъэмрэкIэ и министр Котяков Антон, республикэм и Iэтащхьэм, ЦIыхубэ ЗэIущIэм, Правительствэм къабгъэдэкIа хъуэхъу тхыгъэхэм. Абыхэм щIигъуащ езым и хъуэхъу псалъэхэри.

— Социальнэ лэжьакIуэхэм, къызэрагъэщIрэ илъэсипщI ирикъуа Купсэм къепхахэм сывохъуэхъу фи IэщIагъэ махуэщIымкIэ! ФIыщIэ фхузощI лъэныкъуэгъазэ куэду зэхэт фи гуащIэ мыпсынщIэм, гудзакъэу фхэлъым, къыфхуэныкъуэм гъусэ фызэрыхуэхъуфым папщIэ!

2

Махуэщым къикIыу

Гу хуабэхэр, псэ хьэлэлхэр

Адыгэ унагъуэ къэс – адыгэ газет!

ПщIэ зыхуэтщI ди ныбжьэгъу пэжхэ,
«Черкес хэку» газетым и щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

АДЫГЭ газетыр — ди лъэпкъым и тхыдэм, и Iуэрыуатэм, и бзэм, и щэнхабзэмрэ гъуаздджэмрэ я хъуапIэщ, лъэпкъыбзэр здефIакIуэщ, абы зыздыщыужьщ.

Бзэр лъэпкъым хуэхъумэным хэлъ мыхьэнэр, абыкIи газетым игъэзащIэ лэжьыгъэ уасэншэр къызыгурыIуэу, псалъэ дыгъэл мыхъуу, лъэпкъ Iуэхум гукIи псэкIи бгъэдэт, хуэлажьэ дэтхэнэми и унагъуэм илъыпхъэщ ди хэгъуэгум адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газет закъуэр — «Черкес хэку»-р!

Махуэ зыбжанэщ иIэжыр 2022 гъэм и илъэс ныкъуэ къэнэжам къыфхуэкIуэну адыгэ газетым Iэпэ щIэдзын пIалъэр иухыным.

Фыкъыхудоджэ адыгэ унагъуэ къэс — адыгэ газет зыIэрывгъэхьэну, зэвмыгъэтIылъэкIыу «Черкес хэку» газетым Iэпэ щIэвдзыну!

А Iуэхур щызэфIэвгъэкIыфынущ щIыпIэ пощт къудамэхэм (пощтзехьэм фи унэм ныфхуихьу) е адыгэ газетым и редакцэм (ди деж фыкъакIуэурэ фщтэжу).

ПщIэ къыфхуэзыщI, газетым и лэжьакIуэхэр

ОПЕРАТИВНЭ ШТАБЫМ КЪЕТ:
COVID-19

Мэкъуауэгъуэм (июным) и 10-м ехъулIэу:

2-м — уз зэрыцIалэр къайуэлIащ

46044-рэ — сымаджэхэм я бжыгъэщ

984-рэ — дунейм ехыжащ

9-р — сымаджэщхэм щIэлъщ

44914-рэ — хъужащ



Махуэщ1ым къик1ыу

Гу хуабэхэр, псэ хьэлэлхэр

1

Щохъужь Маринэ щ1ыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ

Дэ1эпыкъуныгъэ зэвгъэгъуэт ц1ыхухэр къыфхуэарэзыну, я гу хуабагъыр зыхывагъэщ1эну, фи лэжьыгъэм фэри арэзы фытехъуэну, дяпэк1и гуащ1эдэк1 ехъул1эныгъэхэм фыщымыщ1эну, технологиещ1эхэр, жэрдэмыщ1эхэр къэвгъэсэбэпыну! Махуэщ1ымк1э! — къыхигъэщащ министрым.

Жи1а псалъэхэм я гу1эф1тещ1эжу, мы къудамэм гуащ1аф1эу щылажьэхэм, илъэс куэд социальнэ лэжьыгъэм хуэзыгъэт1ылъахэм, ветеранхэм, къулыкъущ1э нэхъ жыджэрхэм Щ1ыхь тхылъхэр яхуигъэфэщащ.

Къинэмыщ1ауэ, социальнэ лэжьак1уэ къэс фыщ1апщ1э ахъшэ иратыну унафэ къызэрихьари жи1ащ.

Хъуэхъу псалъэхэм пищащ республикэм щыпсэу ц1ыхухэм социальнэ дэ1эпыкъуныгъэхэр, хуэ1ухуэщ1эхэр языгъэгъуэт Купсэм и унафэщ1 Чыкъуэ Нурбий.

— Купсэр илъэсипщ1 нэхъ иримыкъуами, дызэрыгушхуэн лэжьыгъэ дгуэщ1агъэххэщ. Тщ1ар мащ1экъым, ауэ къытпэщытри куэдщ. Ф1ыщ1э яхузощ1 ди мурадхэр къыддэхъуным, ди къалэнхэр дгъэзэщ1эным зи гуащ1эрэ къарурэ къыхэзылъхьэ псоми, — жи1ащ Чыкъуэм.

Абы и псалъэхэм я щыхьэтщ бжыгъэ гъэлъэгъуэныгъэхэри. Ат1э, илъэсипщ1ым кириубыдэу Купсэм и дэ1эпыкъуныгъэ зэмыл1эужьыгъуэу мелуан 12-м нэс республикэм щыпсэу нэрыбгэ мин 50-м ялъысащ.

Хъуэхъухэмк1э, Щ1ыхь тхылъхэмк1э а махуэм утыкум щ1этащ ф1ым я нэхъыф1ыжхэр, ветеранхэр.

Гущ1эгъуныгъэм лъэпкъ зэхэгъэж зэримыщ1ым, ныбжь зэримыл1эм я щыхьэту, социальнэ лэжьак1уэхэр лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къах1ащ, я ныбжьк1и зэхуэмыдэщ.

Ди гуапэщ махуэщ1 пшыхьым къыщыхагъэщахэм ди лъэпкъэгъу куэд зэрахэтар. Апхуэдэщ Даур Ольгэ, Щохъужь Маринэ, Хьэжмэстафэ Маринэ, Гъук1э Айшэт сымэ, нэгъуэщ1хэри.

Социальнэ лэжьак1уэр — ар лъэныкъуэ куэдым хуэгъэщ1а, куэд зыхузэф1эк1, зи гур п1ащ1э, зи зэхэщ1ык1ыр лъагэ, зэчиифI э ц1ыхуу зэрыщытым и щыхьэту, утыкур ягъэбжьыф1ащ республикэм и район къэс щылажьэ социальнэ къудамэхэм я лэжьак1уэхэм.

Хьэщ1э хабзэу, махуэщ1ыр зейхэм хъуэхъухэмрэ тыгъэхэмрэк1э япыкъуэк1ащ къулыкъущ1ап1э зэхуэмыдэхэм я л1ык1уэхэр.

Апхуэдэу, республикэм лъэпкъыбзэхэмк1э къыщыдэк1 «Абазашта», «Ногай давысы», «Черкес хэку» газетхэм къабгъэдэк1ыу хъуэхъу псалъэхэмрэ «хьэлыуэ пы1эмрэ» махуэщ1ыр зейхэм я пашэхэм, — Щак1уэ Русланрэ Чыкъуэ Нурбийрэ иратащ газетхэм я редактор нэхъыщхьэм. Къинэмыщ1ауэ, пщ1эншэу газет бжыгъэ хущ1адзащ.

Социальнэ къудамэр зи нэ1эм щ1эт Министерствэм, абы щылажьэхэм, министр — Щак1уэ Руслан а махуэм хъуэхъу, ф1ыщ1э псалъэ куэд хужа1ащ. Зи нэхэм ф1ыуэ ямылъагъухэм я Жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщ1 Дубовик Сергей Щ1ыхь тхылък1э, тыгъэк1э министрыр къыхигъэщащ.

Махуэщ1ым еддзыж гупсысэ: ди нобэ ерум, къэзылъхуар, къалъхуар щызэрамыхьэжым, 1эщ1ыб щащ1ым, социальнэ лэжьак1уэм хамэ ц1ыхум бгъэдилъхьэ гу хуабагъэмрэ дэ1эпыкъуныгъэмрэ я пщ1эр нэхъри лъагэ мэхъу ик1и, хьэкъып1эк1э, «л1ыхъужь» яхужып1эныр яхуэфащэ дыдэщ. Я л1ыхъужьыгъэм хуэфэщэн пщ1эрэ щ1ыхьрэк1э я гуащ1эдэк1 гъуэгур узэщ1ауэ щытыну дохъуэхъу!

Сыт хуэдэ махуэщ1ми хуэдэу, мы дауэдапщэм хэтахэм я гукъыдэжыр къа1этащ ар гъэнщ1ауэ зэрыщыта, къалэм, районхэм, социальнэ къулыкъущ1ап1эхэмрэ Iуэхущ1ап1эхэмрэ ягъэхьэзыра творческэ гъэлъэгъуэныгъэхэмк1э.

ТУАРШЫ Ирэ.
Сурэтхэр ТУАРШЫ Беслъэн трихащ

Хьэбэз районым и социальнэ лэжьак1уэхэр

Афиным пэщ1эту

Щ1эблэр узыншэмэ — жылагъуэм имэхуащ

Илъэс къэси, афиным пэщ1этынымк1э лэжьыгъэм нэхъри тегъэчынауэ гулъытэ хуащ1у, мэкъуауэгъуэ (июнь) мазэр абы хэхауэ траухуэ. А мазэр къыщ1ыхахри щхьэусыгъуэншэкъым. Ат1э, мэкъуауэгъуэм и 26-р — афиным пэщ1этыным и Дунейпсо махуэщ.

Афиян зезыгъак1уэхэм япэщ1эт, абы ехьэл1а лэжьыгъэ, къалэн гугъухэр зыгуэщ1 къулыкъу нэхъыщхьэхэм ящыщщ афиным пэщ1этынымк1э Управленэр (УНК). Абы и 1эщ1агъэрылажьэ пажэ, оперуполномоченнэ, полицэм и капитан Хьэкъун 1эминэ иджыблагъэ дыщигъэгъуэзащ ирагъэк1уэк1 лэжьыгъэм, мазэм кириубыдэу зэф1ахыну къалэнхэм, езым и 1уэху еплъык1эм.

— Афияныр зэрыщ1эпхъаджэр, ар щ1алэгъуалэмк1э зэрыщыхуп1эр жыдмы1эми, псоми къыдгуро1уэ. А гупсысэр нэхъри щ1эдгъэбыдэн, махуэ къэс жыхуи1эм хуэдэу ныбжьыщ1эхэм, къытщ1эхъуэ щ1эблэм я тхьэк1умэм идгъэтын хуейщ.

Афиным пэщ1этынымк1э лэжьыгъэу ек1уэк1ыр псори зытеухуар абы ехьэл1а ныкъусаныгъэхэм, щытык1эхэм жылагъуэм и гулъытэр нэхъри къетшэл1энращ, а лэжьыгъэр зи къалэн, зи 1уэхущ1афэ хабзэхъумэ къулыкъухэм жылагъуэм дзыхь яхуищ1у, псоми ди зэхуэдэ шынагъуэм — афиным зэдыпэщ1этым къыхуедджэнращ, щ1алэгъуалэм афиным къахуихьынк1э хъуну зэран псори щызу къагурыдгъэ1уэнращ.

Мис ахэри, нэгъуэщ1хэри и купщ1эу Управленэм иригъэк1уэк1 лэжьыгъэм нэхъри зригъэубгъунущ мы мазэм. Мэкъуауэгъуэм и 20-м щегъэжьауэ 26-м нэгъунэ лэжьыгъэр нэхъри щ1эгъэхуэбжьауэ едгъэк1уэк1ынущ, — же1э Хьэкъун 1эминэ.

Сыт хуэдэ, ат1э Хьэкъуным зи гугъу ищ1 1уэхуэр? Апхуэдэщ а тхьэмахуэм кириубыдэу ирагъэк1уэк1ыну зэ1ущ1эхэр, акцэхэр, зэпсэлъэныгъэхэр, «1энэ хъурейхэр», семинархэр, чэнджэщхэр, видеофильмхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр.

— Черкесск къалэм и мызакъуэу, республикэм и муниципальнэ къэхъугъэ псоми щрагъэк1уэк1ынущ мазэм кириубыдэ лэжьыгъэшхуэ. УНК-м къызэщ1иубыдэнущ еджап1э лагерхэм, я узыншагъэм, 1эпкълъэпкъым зыздырагъэпсыхь лагерхэм щы1э щ1эблэр.

Зэрыжыс1ауэ, мэкъуауэгъуэм и 26-р — афиным пэщ1этынымк1э Дунейпсо махуэщи, абы нэхъри тегъэчынауэ зыхуэдгъэхьэзырынущ ик1и щ1алэгъуалэр нэхъыбэу къызэрызэщ1эдубыдэным дыпылъынущ.

Иджы щегъэжьауэ лэжьыгъэ планыр догъэхьэзыр. Ар МВД-м щ1игъэбыдэжынущи, абы дытету щ1алэгъуалэм дадэлэжьэнущ, — же1э Хьэкъун 1эминэ.

Абы ипкъ иткІэрэ, афиным пэщ1этынымк1э Дунейпсо махуэм УНК-м республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ щригъэк1уэк1ыну акцэхэм ящыщщ «Чистый лист» жыхуи1эр. Абы и купщ1эр: республикэм щыпсэу дэтхэнэми, иребалигъ, иреныбжьыщ1э, тхылъымп1э напэк1уэц1 къабзэ къищтэнурэ, афиным хуи1э гупсысэр иритхэнущ.

Къинэмыщ1ауэ, районхэм афиным пэщ1этынымк1э зэпсэлъэныгъэ, зэ1ущ1э зэхуэмыдэхэр щрагъэк1уэк1ынущ, щ1ып1эхэм щыпсэухэм афиным къыздихь гуауэм теухуа тхыгъэ-листовкэхэр 1эрагъэхьэнущ. Сабий, ныбжьыщ1э лагерхэм волейболымк1э, нэгъуэщ1 спорт джэгугъуэхэмк1э зэхьэзэхуэхэр щрагъэк1уэк1ынущ.

Илъэс к1уахэм ирагъэк1уэк1а мыпхуэдэ, мыбыхэм ещхь 1уэхухэм ириплъэжк1эрэ, Хьэкъун 1эминэ къыхегъэщ абыхэм сэбэп къызэрахьыр.

— Илъэс зыбжанэ хъуауэ коронавирусым и ягъэк1э акцэхэр едгъэк1уэк1акъым. Ди гуапэщ, ипэк1э едгъэк1уэк1ыу щыта, хабзэф1 хъуа 1уэхур мы гъэм къызэредгъэжьэжыр. Ахэр жылагъуэмк1э сэбэпщ, щ1алэгъуалэмк1э дерсщ.

Акцэхэм балигъхэри ныбжьыщ1эхэри жыджэру къыхохьэ. Зэрыгурыуэгъуэщи, зыри афиным и телъхьэкъым, анэ-адэхэр хуейщ абы я бныр димыхьэхыну. Ныбжьыщ1эхэми къагуро1уэ афиным епха хъумэ, я гъащ1эр зэрикъутэнур, и узыншагъэри, и къэк1уэнри зэрифыщ1ынур. Ауэ, нэхъыщхьэр, къагурыуэр 1уэхук1э щ1агъэбыдэжу, афиным, афиян зезыхьэхэм япэ1эщ1э защ1ын, зыдрамыгъэхьэхынращ. Догугъэ нобэ едгъэк1уэк1 1уэхухэри, лэжьыгъэ псори щытык1эм щхьэпэну, сэбэп къихьыну, — жи1ащ Хьэкъун 1эминэ.

ТУАРШЫ Ирэ

Спецоперацэ

Жэуаплыгъэншэу

США-м Киевыр топауэ 1эщэхэмк1э къызэрызэригъэпэщар УФ-м и Посольствэм жэуаплыгъэншагъэу къелъытэ.

«Администрацэм жэуаплыгъэ зэрыхэмылъыр къигъэлъэгъуащ, Украинэм топауэ системэхэр 1эригъэхьэк1эрэ. Абы зэф1эзэрыхьыгъуэ щытык1эр нэхъри иригъэк1эк1уэнущ, Украинэм и Къару Узэдахэр а топхэмк1э Урысейм къыхэуэну хуежьэмэ. Ик1и абы кърик1уэнк1э хъунур хэт ищ1эрэ?», — щыжа1ащ Посольствэм.

Ик1и, абы США-р игъэкъуэншащ. Къыхагъэщащ урысей МИ-17 вертолетхэмк1э США-м Киевыр къызэригъэпэщк1эрэ, къалэн псори зэрикъутар.

«Апхуэдэу ящ1эн папщ1э, Урысейм и арэзыныгъэ тхыгъэ зы1эрагъэхьэн хуеящ», — щыжа1ащ Посольствэм.

Ипэк1э хэ1ущ1ыу зэрыхъуащи, ФРГ-м танкхэр Къуэк1ып1э Европэм и къэралхэм яхуегъак1уэ, абыхэм совет военнэ техникэмрэ 1эщэфащэмрэ Киевым 1эрагъэхьэжын хьисэпк1э.

Къинэмыщ1ауэ, ФРГ-м Украинэм нэгъуэщ1 1эщэфащэхэри хуиунэт1ынущ. Абыхэм я къэгъэсэбэпык1эм зыщыхуагъэсэнущ Польшэмрэ Германиемрэ деж.

Зыгъэхьэзырар ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэщ

Мэкъумэш

КъЧР-р пашэхэм ящыщщ

Къэрэшей-Черкесыр яхыхьащ теплицэ хадэц1ык1ухэк1хэр гъэк1ынымк1э пашэу щыт хэгъуэгухэм. Мы илъэсыр къызэрихьэрэ урысей теплицэ комплексхэм хадэц1ык1ухэк1ми щхъуант1агъэми (зелень) къыщрахьэл1эжащ тонн мин 670-м нэблагъэ. Ар проценти 6-к1э нэхъыбэщ нэгъабэ нэхърэ.

Абы щыщщ нащэ тонн мин 413-рэ п1эт1рэжан тонн мин 243-рэ. Хадэц1ык1ухэк1хэр нэхъыбэу къыщагъэк1 Тэтэрстан, Къэрэшей-Черкес республикэхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм. Пашэхэм ящыщщ Новосибирск областри.

Урысей Федерацэм мэкъумэш хъызмэтымк1э и Министерствэм хадэц1ык1ухэк1хэр теплицэхэм къыщыгъэк1ыныр мэкъумэшым щигъэнэхъапэ к1уэрабгъухэм яхигъыхьащ.

Мэкъумэшым щылажьэхэм папщ1э къагъэ1эрыхуэ дэ1эпыкъуныгъэ 1эмал зэгъэу1уахэр. Абыхэм ящыщщ щ1ыхуэхэмрэ бюджет субсидиехэмрэк1э щы1э хуэгъэк1уэтэныгъэхэр (льготы). Ахэр хуэунэт1ащ производствэм зегъэубгъуным тегъэгушхуэным.

Мы илъэсым и пэм щегъэжьауэ яут1ыпщащ Къуэк1ып1э Жыжьэм щыпсэхэм зэрадэ1эпыкъуну 1эмалыщ1э. Абы ипкъ иту теплицэ комплексхэр зыухуэ фермерхэм абы трагъэк1уадэ мылъкум щыщ 1ыхьэр къэралым яхуипшыныжынущ.

ПАЩ1Э Хьэдис

ПФР

Упщ1э фи1эмэ...

Иужьрей пенсэ хэхъуэныгъэхэм, индексацэхэм, сабийхэм ират пособэхэм, социальнэ ахъшэм яхьэл1ауэ ц1ыхухэм упщ1э куэд къахуоув, зэхэмыщ1ык1ыныгъэхэм пэщ1охуэ. Апхуэдэ упщ1эхэм я жэуапхэр ирагъэгъуэтынымк1э жылагъуэм дэ1эпыкъуэгъу хуохъу Пенсэ фондым щылажьэ «горячая линия» телефон зэпыщ1эныгъэр. Апхуэдэу, хэгъуэгу Пенсэ фонд къулыкъум и «горячая линия»-м и операторхэр мы гъэр къызэрихьэрэ республикэм щыпсэу ц1ыху мин 24,6-м ядэ1эпыкъуащ. Ц1ыхухэм нэхъыбэу зыкъызэрыхуагъэза упщ1эхэр теухуауэ щытащ пенсэм, социальнэ дэ1эпыкъуныгъэм, сабий ахъшэм, анэ гъэт1ылъыгъэм. А псоми уахэплъэжмэ, нэхъыбэрэ къа1этащ пенсэр щыхуагъэувынум, мазэ къэс пособэ къратынум теухуа лъэ1у тхылъым щыхэплъэнум, электроннэ сервисхэм я къэгъэсэбэпык1эм, зэхуахьэсын хуей справкэхэмрэ дэфтэрхэмрэ яхьэл1а упщ1эхэр.

КъЧР-м и ПФР-м и унафэщ1ым и къуэдзэ Гололобовэ Иринэ къыхегъэщ Къэрэшей-Черкес Республикэм щыпсэухэм «горячая линия» зэпыщ1эныгъэр нэхъ жану къагъэсэбэп зэрыхъуар.

Социальнэ дэ1эпыкъуныгъэхэм яхьэл1ауэ упщ1э зи1эм абыхэм я жэуапыр **8-800-600-02-91** телефонымк1э операторхэм ящыгъуэтынущ. А зэпыщ1эныгъэр лэжьэгъуэ махуэ къэс, блыщхьэм щегъэжьауэ, мэрем нэгъунэ, сыхьэтыр 8-м щыщ1эдзауэ 17-м нэс мэлажьэ.

— Къинэмыщ1ауэ, — же1э Гололобовэ Иринэ, — хэгъуэгум щыпсэухэм «горячая линиемк1э» къац1ыхуфынущ я щхьэм ехьэл1а, «персональные данные» жыхуэт1эхэр. Псалъэм и жы1эгъуэк1э, и пенсэр зэрыхъур, социальнэ ахъшэр, анэ гъэт1ылъыгъэр. Ауэ, гу зылъытапхъэр: я СНИЛС номерымрэ «кодовэ» псалъэмрэ къра1уэн хуейщ. Апхуэдэ псалъэр (секретный код) — щхьэж езым къыхихаращ, телефон чэнджэщк1э Пенсэ фондым защыхуигъазэм деж къри1уэн папщ1э. Ар — клиентым псынщ1эу, тыншу дэлэжьэным тегъэпсыхьа 1эмалщ.

Пенсэ фондым и унафэщ1ым и къуэдзэм къызэрыхигъэщащи, телефонк1э закъыпызыщ1эхэр нэхъыбэрэ зыщ1эупщ1эхэм ящыщщ я пенсэр зэрыхъур, социальнэ тыныгъэхэр.

— Ар «персональные данные» жыхуэт1эхэращ ик1и абыхэм я жэуап зыкъытпызыщ1а дэтхэнэми нок1уэк1э еттын дыхуиткъым. Къэзыщ1ар зыхуэдэр хэт ищ1эрэ: гъэпц1ак1уэ, хамэ мылъкум хуэнэгуей ц1ыху? Ат1э, апхуэдэм пенсэр зейм щыхуахьыну махуэр, мазэ къэс къэралым кърит пособэр, нэгъуэщ1у ахъшэм ехьэл1а хъыбархэр дауэрэ зэрыжеп1энур? Жеп1эну 1эмал и1экъым. Ахэр «персональнэ даннэщ» ик1и абыхэм я плъыру къоув зи №152-нэ Федеральнэ хабзэр, — же1э Гололобовэ Иринэ.

Япэу Пенсэ фондым телефон чэнджэщк1э зыхуэзыгъэза ц1ыхум операторым и упщ1эхэм жэуап иритын хуейщ. Апхуэдэу, щ1эупщ1энущ и ц1эм, унагъуэц1эм, адэц1эм, къыщыхъуам, и дэфтэрхэм, «кодовэ» псалъэм. Жэуапхэр тэрэзу ефтамэ, операторхэм, 1эщ1агъэл1хэм чэнджэщхэр къыватынущ. Фэ жыф1ар, фи жэуапхэр ущэхуауэ щытынущ, абыхэм зыри щыгъуэзэнукъым, фызэпсэлъа 1эщ1агъэл1хэм къинэмыщ1а. Хэ1ущ1ыу ящ1мэ, хабзэм ипкъ иту жэуаплыгъэ ирагъэхьынущ апхуэдэр къэзыгъэхъуам.

Фи упщ1эхэм жэуап онлайнк1и къратынущ ПФР-м и сайтым деж: **https://es.pfrf.ru/appeal/**.

ТУАРШЫ Ирэ

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Еджап1э лагерхэр

Къэрэшей-Черкесым деж сабийхэр махуэк1э здэщы1эну еджап1э гъэмахуэ лагерь 96-м республикэм и сабий 6185-рэ ящтагъэххэщ.

Абы щыщу зи узыншагъэмк1э дагъуэ зи1э (ОВЗ) сабий 90-м зыщагъэпсэхунущ Черкесск къалэм и коррекционнэ еджап1эмрэ Усть-Жэгуэтэ и 6-нэ еджап1эмрэ. А щ1ык1эм иту иджы япэу гулъытэк1э къызэщ1аубыдэ зи узыншагъэк1э дагъуэ зи1э сабийхэр.

Фыщыдгъэгъуэзэнщи, гъэмахуэм и к1ыхьагък1э загъэпсэхунущ Къэрэшей-Черкесым и сабий мин 12-м нэблагъэм. Коррекционнэ еджап1эм щылажьэ «Непоседы» еджап1э лагерым иджыблагъэ щы1ащ Къэрэшей-Черкесым егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмрэк1э и Министерствэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмк1э, дополнительнэ егъэджэныгъэмк1э, сабий зыгъэпсэхунымрэ абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэк1э щы1э къудамэм и унафэщ1 Гербековэ Гоккэ.

Абы зригъэлъэгъуащ лагерым и лэжьыгъэр зэраунэт1ыр, сабийхэм загъэпсэхуныр къызэрызэрагъэпэщыр, ахэр зэрагъашхэр. Сабий 50-м нэблагъэр мазэ псок1э щыхьэщ1энущ «Таурыхъым» деж. Сабийхэр зыхуейхэмрэ абыхэм нэхъ яф1эгъэщ1эгъуэнхэмрэ 1уэхум къыхэлъытауэ, зэхалъхьащ «Непоседа в гостях у сказки» зыф1аща программэр.

— Сабийхэр зэгуэрми 1уэхуншэ хъунукъым. Программэм хагъыхьащ сабийхэм я акъылымрэ я 1эпкълъэпкъымрэ зезыгъэужь спорт дауэдапщэхэр. Дэ тегъэчынауэ зыдгъэхьэзыращ, сыту жып1эмэ, ди сабийхэр хуейщ абыхэм ятегъэпсыхьа щытык1э хэха, — щ1игъэбыдащ еджап1эм и унафэщ1 Борисовэ И.

АЛЪЭСЧЫР Мухьэз

Студент 1уэхухэр

Лабораторэм щеджэнущ

Профильнэ 1эщ1агъэхэм хуеджэ студентхэмрэ КъЧР-м бжыгъэ (цифровой) зыужьыныгъэмк1э и Министерствэм и лэжьак1уэхэмрэ практикэ щы1энущ ик1и щеджэнущ Касперский и лабораторэм. Ахэр хуагъэсэнущ кибер шынагъуэхэр къызэнэк1ыным, абыхэм защыхъумэным.

КъЧР-м цифровой зыужьыныгъэмк1э и Министерствэм абы теухуа зэгурыуэныгъэхэр щищ1ащ экономикэм и бжыгъэ зыужьыныгъэмрэ промышленностым и бжыгъэ трансформацэмрэ я 1уэхухэмк1э Урысейм щек1уэк1а «Цифровая индустрия промышленной России - 2022» конференц ин дыдэм.

Абы хэтащ Къэрэшей-Черкесым цифровой зыужьыныгъэмк1э и министр Медовый Валерий, министрым и куэдзэхэу Кипкеев Энверрэ Грибкин Андрейрэ.

Конференцым къып эк1уахэм япкъ иту, зэхалъхьэнущ Къэрэшей-Черкесым и мэкъумэш хъызмэтым, узыншагъэр хъумэнымрэ туризмэмрэ пылъ къулыкъухэм бжыгъэ сервисхэр зэрыщагъэлэжьэнум жыжьэ к1уэ и (стратегие) план, абы щ1ыгъуу ирагъэжьэнущ щ1ыдэлъху (отечественные) планшетхэм ирилэжьэн.

Аргуэру зэгурыуэныгъэ зэдащ1ащ Къэрэшей-Черкесым щ1ыдэлъху программэ къызэгъэпэщыныгъэм и лицензие 500 къыхуаут1ыпщыну.

ЗЕК1УЭЛ1 Хьэмыщэ

КъЧР-м и илъэси 100-м хуэк1уэу

Жармык1эхэр

Мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Исправнэ станицэм щек1уэк1ащ КъЧР – р илъэси 100 щрикъум хуагъэфащэ мэкъумэш жармык1эр.

Фигу къэдгъэк1ыжынщи, Къэрэшей-Черкесым и 1этащхьэ Темрезов Рэшид и унафэк1э жармык1эхэр щок1уэк1 Къэрэшей-Черкесым и район псоми я къуажэ дэдзыхахэм.

Хабзэ зэрыхъуауэ, мыбдежми бэзэр сату утыкум щы1эхэм нэхърэ проценти 10-15-к1э нэхъ мащ1э уасэк1э я продукцэр щащащ Къэрэшей-Черкесым и агропромышленнэ комплексым и предприятэхэмрэ щ1ып1э фермерхэмрэ.

Жармык1эм и къэухьхэм иту концерт программэ гъэщ1эгъуэн къагъэлъэгъуащ Зеленчук районым и творческэ гупхэм.

Къык1элъык1уэ жармык1эр мэкъуауэгъуэм (июным) и 24-м Хьэбэз районым хыхьэ Куэш-Хьэблэ къуажэм щек1уэк1ынущ.

Зыгъэхьэзырар ПАЩ1Э Хьэдисщ

Мывэ щылъым псы кIэщIэжрэ?

Урыс лъэпкъым псалъэжь иIэщ: «Мывэ щылъым псы кIэщIэжкъым» жэуэ. АтIэ, а «мывэр» Iузыгъэкlуэтынрэ зыгъэхъеинрэ щымыIэмэ, ар зыпэщIэувэ псым нэгъуэщI кIуапIэкIэ, лъэныкъуэкIэ зидзын щIедзэ. Абы ебгъэщхь хъунущ лъэпкъым къыщIэхъуэ щIэблэри — нобэ абы и зыужьынытгъэм зэран къыхуэхъу, пэщIэувэ «мывэр» зыми Iуимыгъэкlуэтурэ екIуэкIмэ, щIэблэм хишыну лъагъуэр нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ иунэтIын хуей мэхъу. Жагъуэ зэрыхъущи, я нэхъыбэм дежи а лъагъуэр быркъуэшыркъуэу къыщIокI.

Укъызыдэхъухьа къуажэм дэлъ ныкъусаныгъэхэм, ехъулIэныгъэхэм утепсэлъыхьыныр хьэлъэщ, сыту жыпIэмэ, журналист еплъыкIэ закъуэу щымыту, уэ уи еплъыкIэри къыщыхэплъытэкIэ, тхыгъэр гурыщIэхэмкIэ егъэлеяуэ гъэнщIа мэхъу. Арами, гуфIэгъуэ нэпсыр къысфIэкIуэу, си нэгум щIэкIа теплъэгъуэхэм си гур къызэщIаIэтэу, си къуажэм, абы къыдэкIа ди сабийхэм срипагэу мы тхыгъэр стхыным сетIысылIащ.

Къуажэдэсхэр куэд щIауэ зыгъэгумэщIыр

Нэхъыжьхэм яцIыхужынущ Жьакуэ къуажэм и щIэблэм спортымкIи, щIэныгъэмкIи, егъэджэныгъэмкIи, щэнхабзэ и лъэныкъуэкIи ехъулIэныгъэфIхэр къагъэлъагъуэу, нэгъуэщI къуажэхэм къахэмылыдыкIмэ, и кIэ къинэу зэрыщымытар.

Ауэ, иужьрей илъэсхэм куэдкIэ нэхъ мащIэ хъуащ Жьакуэ къуажэм щыщу щэнхабзэ, гъуазджэ утыкухэм къихьэхэр, спорт ехъулIэныгъэфIхэмкIэ къыхэщхэр... А псом и щхьэусыгъуэу къэплъытэ хъунущ сабийхэм зыздаузэщIын екIуэлIапIэ, купсэ къуажэм зэрыдэмытыр.

Курыт еджапIэм и пщэ илъ гъэсэныгъэ-егъэджэныгъэ лъэныкъуэм къинэмыщIауэ, щIалэгъуалэр зэкIуэлIэн, зыздагъэсэн, здызэрылъагъун, ныбжьыщIэхэм я щащIкIэ, абы къуажэдэс сабийхэр хуэныкъуапэу къыщIокI.

Анзор Iэзагъ зыхэлъ, гъуазджэм епха гъуэгуанэ кIыхь къэзыкIуа IэщIагъэрылажьэщ. И адэри творческэ зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ артистыфIу щытащ. ЗэрыцIыкIу лъандэрэ лъэпкъ къафэхэм псэкIэ пыщIауэ, дихьэхыу зэчийм зыздиужьын щIыпIэ хэха зэрыщымыIэр щIэблэм и къэкIуэнум зэранышхуэ езыгъэкI Iуэхугъуэщ.

Къуажэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэр зытет щIыгур къызэрыхъеям къыхэкIкIэ, къэбгъэсэбэпынымкIэ щынагъуэ хэлъу къалъытэри, илъэс 15-м щIигъуауэ сценэ зыхэт залышхуэри, спортзалри «зеиншэщ».

Мы гъэм еджапIэ пщIантIэм дащIыхьа спорт утыкум къинэмыщIауэ, къуажэ сабийхэр, щIалэгъуалэр зэкIуэлIэн джэгупIэ щIыпIэ жылагъуэм зэрыдэмытрэ куэд дыдэ щIащ. ЩIэблэ дапщэ а илъэсхэм егъэзыпIэншэу, я зэчийр щIэхъумауэ, зыкъызэкъуамыхыу къэтэджар! Мы псалъэмакъыр зыгуэрым хуэгъэзауэ есIуэтылIэу къалъытэнкIэ мэхъу. Арами, пэжыр пэжщ. Ди къуажэм, ди сабийхэм я къэкIуэнумкIэ псоми зэхуэдэ жэуаплыгъэ дбгъэдэлъщ.

Зи гугъу сщIыну Iуэхугъуэ дахэм кIыхьу секIуэлIа пэтми, щIэджыкIакIуэм къыгурыIуэну сыхуейт си тхыгъэр къызытеIукIа щэнхабзэ дауэдапщэр адрей концертхэм, зэхьэзэхуэхэм къазэрыщхьэщыкIыр, абы ди къуажэм дэсхэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр.



Гу къабзэу — IуэхуфIым

Ростов къалэм къикIри я гуащIэрэ я зэчийрэ Жьакуэ къуажэм дэс сабийхэм ирахьэлIэну, ахэр лъэпкъ къафэхэм хуагъэсэн мурадкIэ нэгъабэ (2021 гъэм) жьакуэдэсхэм къайкIуэлIауэ щытащ зэщхьэгъусэхэр — Дэбагъуэхэ Анзоррэ Иринэрэ.

Къуажэдэс адэ-анэхэр, нэхъыжьхэр куэд щIауэ зыщIэхъуэпс, зыпэплъэ, я быным заужьынымкIэ Iэмал щхьэпэ къазэрыхукъуэкIам ахэр щымыгуфIыкI хъуакъым. Зэуи зэпыщIэныгъэ яку къыдэхуащ. ГъэсакIуэхэр гушхуэри я лэжьыгъэм пэрыуващ. ПIалъэ кIэщI дыдэкIэ къэфакIуэ гупым илъэси 6-м щыщIэдзауэ илъэс 17-м зи ныбжьыр ит ныбжьыщIэ цIыкIухэм зыхрагъэтхащ. Псори зэхэту нэрыбгэ 80-м щIигъу ягъэсэну зэщхьэгъусэхэр иужь ихьащ. Езы сабийхэми гукъыдэж инкIэ, къэфэным хуэпабгъэу лэжьыгъэм хилъэсащ.

Уи щIыналъэм сэбэп ущыхъуныр...

Дунейм щIыпIэ дахэ куэд тетщ. Ауэ псом нэхърэ нэхъ дахэщ узыщалъхуа уи хэкур. Апхуэдэти, къалэшхуэм щылэжьа, ансамбль зэхуэмыдэхэм зыщызыгъэса Анзоррэ Иринэрэ, я хэку цIыкIум — Жьакуэ къагъэзэжыну мурад ящIри, къуажэдэс сабийхэр гъэсэным, къафэ гъуазджэм дегъэхьэхыным я лэжьыгъэр ерыщу хуаунэтI. Анзор и адэр къыздалъхуар Жьакуэ къуажэрати, абы къагъэзэж. Лэжьыгъэ зыхуащIыныр сэтей къэтэджащ. Абы и творческэ гъуэгуанэр щригъэжьащ «Эльбрус», «Налмэс», «Меркурий» ансамбль цIэрыIуэхэм, и зэфIэкIхэр къыщигъэлъэгъуащ ди къэралми, хамэ къэралхэм я утыкушхуэхэми.

Анзор къафэ гъуазджэм хуищIа фIылъагъуныгъэр сыт и лъэныкъуэкIи къыдигуэшащ и щхьэгъусэ Иринэ. Ари зэчиишхуэрэ IэщIагъэ IэпщIэлъапщIагърэ зыбгъэдэлъщ, хореографщ, дакIуэ Iэзэщ, псэемыблэжьныгъэ зыхэлъ бзылъхугъэ гуащIафIэщ.

Дахагъэр къэзыгъэщIым...

ЦIыхум и псэр къабзэмэ, зыхущIэкъур — дахагъэр къэгъэщIынрамэ, апхуэдэм и лъэкIыныгъэхэр, хузэфIэкIынур къыпхуэмылъытэну инщ. Илъэс иримыкъум къриубыдэу Дэбагъуэ зэщхьэгъусэхэм яугъуея къэфакIуэ гуп цIыкIур зы унагъуэу, зэхэтыкIэ дахэ яIэу, зэрыIыгъыу, шыIэныгъэрэ фIылъагъуныгъэрэ яку дэлъу зэрыубыдащ.

А пIалъэм къриубыдэу гъэсакIуэхэр лъэпощхьэпо куэдми пэщIэхуащ, ирехъу ар зыздыщагъасэ пэш хэха зэрамыIари, лэжьэнымкIэ лъакъуэфIэгъанэ къахуэхъуу къапэуваIами, псалъэмакъ мыхъумыщIэу зыхагъэтахэми...

Мы Iуэхум и курыкупсэм хэта адэ-анэхэм, къуажэдэс куэдым къагуроIуэ зи гугъу сщIы лъакъуэфIэгъанэхэр ... Тхуэмыгъэщ Iагъуэр зыщ — ди къэкIуэнум гуащIэ зэдыхэтлъхьэу, жылагъуэм фIы къыдэхъуэмэ, тIэтын, дыщыгуфIыкIын, дыщхьэпэным ипIэкIэ, зэран хуэхъунухэр къызэрыкъуэкIращ?! Ар хьэдэгъуэдахэкъэ!

ЦIыхур бгъэпудыным, хэбутэным куэд хуейкъым. Хьэлъэр — узэплъэкIыжу, абы кIэлъызепхьа мыхъумыщIагъэм къыпкIуар бгъэзэкIуэжынращ. Къуажэр щыцIыкIукIэ, хэти зэроцIыху, унагъуэкIэ зэмыIыхьлырэ зэхэмыщIыхьарэ дэскъым. Зэрыкъуажэу дызэрыубыду, къытщIэхъуэ щIэблэм и зыужьынытгъэм тлъэкI къэдмыгъанэу дыхуэлэжьэным ипIэкIэ, къытхэжаныкIыр, IуэхуфI зылэжьыр и нэхъыбэм «хьэIупс» дащIыкIри, ягъэпудыным, ягъэлъахъшэным и ужь йохьэ. Уеблэмэ, къригъэжьа Iуэхур Iэпауд. Апщыгъуэми, ар къезыхьэжьахэм я «псалъэ зехьэныр» ирокъури, зэрыщытауэ къызэхонэж, зыщIыпIэкIи мыябэкъууэ, замыужьауэ... Апхуэдэ щапхъэхэр куэдыкIейщ.

Арами, а псори къызэранэкIри, кърагъэжьа Iуэхур хыфIамыдзэжу, «Чинар» жыгыщIэ цIыкIум и лъабжьэр ягъэбыдэн яхуэзфIэкIащ. ИкIи къимыкIуэту зыхуагъэувыжа я плъапIэм хуэкIуащ — сценэшхуэм къыщыфэну лъэкIынытгъэ ягъуэтащ!

ЗэдагуэщIа лэжьыгъэшхуэм къыпэкIуащ къуажэдэсхэм нэIурыт хуащIа концерт - зыкъэгъэлъэгъуэныгъэ дахащэр. Зэи зытемыта сценэ утыкушхуэм къихьа сабийхэм ягъэзэщIа къафэ къызэрымыкIуэхэмрэ, абыхэм я зыIыгъыкIэ екIумрэ къыпщагъэхъут цIыкIухэр сыт щыгъуи къэфакIуэ утыкум итауэ. Абыхэм я нэгум къыщIих гуфIэгъуэм, я гум щыхъэ гурыщIэхэр я IэпкълъэпкъымкIэ къаIуатэт. Мыр я япэ лъэбакъуэу щыт пэтми, щтэIэщтаблэу загъэлъэгъуакъым.

Псыхьэлыгъуэ цIыкIуу къыщIэжащи...

И пэжыпIэкIэ къапщтэмэ, зэрыкъуажэу махуэщIышхуэ яхуэхъуащ мы пшыхь дахэр. ЖьыIурыхьэгъуэ игъуэтам хуэдэт Жьакуэ къуажэм къыдэкIа дэтхэнэми. Я пащхьэ къиува, я бгыр захуэу яIыгърэ, гуфIэгъуэр зи нэгу къызыщIих щIэблэм: «Мискъэ, дэри тхузэфIокI, дэри — дызэчиифIэщ!» — жаIэ хуэдэт...

Зэман кIэщIым къриубыдэу гупым творческэ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэу, утыкушхуэм кърихьа къафэхэм щIэщыгъуэу пежьащ районым щэнхабзэмкIэ и лэжьакIуэхэри.

